



# e-Tips for Families

## Pratike Sekirite sou Entènèt

Lè w ap reflechi sou sa pitit ou ka rankontre sou entènèt sa ka enkyete ou. Pale sou sa ki enkyete ou e etabli règ sou itilizasyon entènèt lakay ou.

### Men kèk konsèy pou n ka reyisi:

1. Dekouvri entènèt ansanm – kite pitit ou montre sa li renmen fè sou entènèt.
2. Diskite sou fason pou li trete enfòmasyon (non, adrès, telefòn, imèl).
3. Diskite sou fason pou li konpòte li anvè lòt timoun lè y ap jwe, pale, voye imèl oubyen voye mesaj.
4. Pale sou fason pou evalye e reflechi yon fason kritik konsènan enfòmasyon li jwenn sou entènèt.